



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO

PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023

Mata Pelajaran	: Bahaasa Jawa	Hari, Tanggal	: 2022
Kelas/Semester	: IX (sembilan) I	Waktu	:
Petunjuk Umum: 1. Semua jawaban dikerjakan pada lembar jawab yang tersedia 2. Nama dan Nomor Peserta Ujian ditulis pada lembar jawab 3. Kerjakan dengan JUJUR			

I. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi menehi tanda ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D.

Wacan kanggo mangsuli pitakonan nomer 1-7

Anoman Duta

“Kaki Anoman, sawuse inggun mireng kesaguhan lan manteping tekadmu, dina iki uga jeneng sira sun tetepake pinangka dutaningsun menyang Negara Alengka. Pitakoningsun, kapan jeneng sira arsa budhal menyang Alengka, Kaki?”

“Inggih Gusti, menawi kalilan, kanthi pangestu Paduka, kepareng kula bidhal sakmenika.”

“Kaki Anoman, semono gedhening tekadmu. Dina iki uga sun lilani jeneng sira budhal menyang Alengka. Welingku, lamun sira wus tumeka ing Alengka, pethukana garwaningsun, aturna kalpika iki pinangka tandha menawa sira iku pancen dutaningsun. Iki, tampanana lan budhala, Kaki.” Pangandikanipun Ramawijaya kaliyan ngulungaken kalpika agemipun.

Sasampunipun kalpika katampi, Anoman lajeng pamit bidhal.

Boten kacariyos lampahing sang duta, Anoman sampun dumugi wonten ing Nagari Alengka. Kanthi sesidheman Anoman naliti kawontenaning keraton. Amargi Anoman menika wujud wanara, mila anggenipun madosi papan dunungipun Dewi Shinta lumantar wit-witan ingkang wonten ing sakupengipun kraton. Samar-samar Anoman mireng pirembaganipun para emban ingkang nyariyosaken bilih Dewi Shinta dipunpapanaken wonten ing Taman Kaputren. Enggal-enggal Anoman tumuju dhateng taman. Dumugi ing Taman Kaputren, saking wit Nagasari Anoman saged ningali satunggaling putri ingkang kawontenanipun mrihatosaken sanget. Sinaosa putri menika katingal ayu, nanging badanipun kuru lan gelungipun wudhar, gembel campur siti. Anoman mesthekaken bilih putri menika inggih Dewi Shinta ingkang saweg nandang sedhih.

1. Anoman saguh....

- | | |
|---------------------------|---------------------------|
| A. dadi dutane Ramawijaya | C. menyang Negara Alengka |
| B. methuk Dewi Shinta | D. nemoni Dewi Shinta |

2. Ing lakon Anoman Duta, Dewi Shinta kadhusta dening

A. Prabu Lesmana	C. Rahwana
B. Ramawijaya	D. Gunawan Wibisana
3. Anoman bisa nemoni Dewi Sinta ana ing ...

A. taman kaputren	C. alas
B. taman bunga	D. wana
4. Welingge Ramawijaya menawa wis tekan ing Alengka Anoman supaya....

A. ngulungake kalpika	C. ngaturake kalpika
B. methuki Dewi Shinta	D. dadi dutane Ramawijaya
5. Sawise kepethuk Dewi Shinta, Anoman didhawuhi....

A. sowan kraton Alengka	C. ngaturake kalpika
B. ngadhep Rahwana	D. enggal mulih
6. Pinangka tandha menawa Anoman iku dutane Ramawijaya, Anoman....

A. digawani kalpika	C. diaturi kalpika
B. diulungi kalpika	D. dicawisi kalpika
7. Tembung wanara iku tegese padha karo....

A. utusan	C. kethek
B. buta	D. alas
8. Serat Wulangsreh iku anggitane....

A. Sri Susuhunan Paku Buwana IV	C. Sri Sultan Paku Buwana VI
B. Sri Susuhunan Hamengku Buwana IV	D. Sri Sultan Hamengku Buwana IV
9. Sing kalebu tembang macapat yaiku....

A. Wirangwong, Girisa, Jurudemung	C. Kinanthi, Dhandhanggula, Girisa
B. Pocung, Asmarandana, Megatruh	D. Megatruh, Wirangrong, Asmarandana

Kanggo soal nomer 10-13, gatekna tembang macapat ngisor iki!

Lamun ana wong micareng ngelmi,
 Tan mupakat ing patang prakara,
 Aja sira age-age,
 Anganggep nyatanipun,
 Saringana dipunbaresih,
 Limbangan lan kang patang,
 prakara rumuhun,
 dalil khadis lan ijemak,
 lan kiyase papat iku salah siji,
 anaa kang mupakat

10. "Lamun ana wong micareng ngelmu".

Gatra kasebut tegese....

- | | |
|--|-------------------------------------|
| A. yen ana wong ngelek-elek ngelmu | C. yen ana wong bodho ing ngelmu |
| B. yen ana wong kang micara ing ngelmu | D. yen ana wong kang rebutan ngelmu |

11. "Tan mupakat ing patang prakara".

Kang dikarepke patang prakara yaiku....

- | | |
|----------------------------------|----------------------------------|
| A. Quran, Dalil, Hadis, Ijemak | C. Dalil, Hadis, Ijemak, Kiyas |
| B. Dalil, Hadis, Ijemak, mupakat | D. Dalil, Ijemak, Quran, mupakat |

12. Saringana dipunbaresih, tegese....

- | | |
|--------------------------------------|---------------------------|
| A. disaring banget | C. disaring kanthi taliti |
| B. dipilah-pilah kanthi nganti resik | D. disaring kanthi cepet |

13. Tembang Dhandhanggula iku ana.... gatra

- | | |
|------|-------|
| A. 7 | C. 9 |
| B. 8 | D. 10 |

Kanggo Mangsuli pitakon nomor 14-17

Angel temen ing jaman mangkin,
Ingkang pantes kena ginuronan,
Akeh wong njaja ngilmune
Lan arang ingkang manut
Yen wong ngelmu ingkang netepi
Ing panggawene sarak
Den arani luput, nanging iya sasenengan,
Ora kena den uwor karepe jannmi
Papancene priyangga.

14. Manut pada kasebut, angel temen golek uwong kang kena ...

- | | |
|-------------|-------------------|
| A. ditiru | C. dinut |
| B. diguroni | D. dicecep ngelmu |

15. Ing jaman saiki akeh wong kang ... lan arang kang manut.

- | | |
|---------------------|----------------------|
| A. njaja kasugihane | C. pamer kapinterane |
| B. pamer kaluhurane | D. njaja ngelmune |

16. Tembang ing nduwur ana pirang gatra ?
- A. 7
B. 8
C. 9
D. 10
17. “ Akeh wong njaja ngilmune “. Guru wilangan lan lagune yaiku ...
- A. 6e
B. 7e
C. 8e
D. 9e
18. Watak tembang macapat dhandhanggula yaiku ...
- A. galak
B. welas asih, ngresepake
C. lucu
D. aweh pitutur
19. Supaya mlaku kanthi tertib drama iku ana balungan lakon utawa urutan crita pokok kang bakal dipragakake para pemain kang diarani....
- A. ilustrasi
B. adegan
C. skenario
D. babak
20. Salah sawijining sarana kanggo menehi wewarah marang wong liya kanthi cara sesideman utawa ora terang-terangan lan diwujudake ana ing pementasan, diarani ...
- A. kethoprak
B. geguritan
C. ludruk
D. sandhiwara
21. Munggah mudhune layar utawa matine lampu panggung sawetara wektu biasane kanggo ngowahi properti ing panggung, kanggo nggambarake setting kang wis malih. Munggah mudhune layar utawa murup matine lampu panggung iki kanggo tandha ganti....
- A. ilustrasi
B. adegan
C. skenario
D. babak

Pethikan drama kanggo pitakonan nomor 22-25

Pak Tanaya : “Coba Pak Dar, aturna perkarane Haryadi!”

Pak Daryana : “Makaten Bu, Haryadi punika sampun tigang wulan dereng mbayar sumbangan sasen...” (Durung rampung ktranganane Pak Daryana, dipranggul Bu Indri. Kanthi cepet lan seru Bu Indri nyelaki apa kang diandharake Pak Daryana).

Bu Indri : ”Boten mungkin Pak, Haryadi saben tanggal enem mesthi kula paringi iuran sasen punika. ! Mangke gek lali boten kacathet dening petugasipun. Cetha boten mungkin, lha wong saben sasi empun kula cepaki kok Pak Guru.”

Pak Tanaya : ”Sareh...Sareh riyin Bu. ...kersane, Pak Dar nglajengaken katranganipun.”

Bu Indri : "Ah...nek menika wau kula boten ngandel lho Pak Guru. Kula boten mlarat. Cekap yen mung mbayar sasene Haryadi...!"

Pak Tanaya : "Nggih... Mangke dipuntlesih, supados cetha sedayanipun. Mangga Pak Dar, diaturke maneh katrangan liyane!"

Pak Daryana : "Bu Indri, ugi ndadosna uninga, bilih Haryadi punika saben dipundangu alesan kemawon. Malah terkadhang boten mlebet tanpa ijin, utawi jam pelajaran dereng cekap sampun mlurut nilaraken sekolahan...!"

22. Sing dirembug ana ing pethikan sandiwara ing ndhuwur yaiku....

- A. Haryadi mangkir
- B. Bu Indri nesu
- C. Bu Indri maringi dhuwit Haryadi
- D. Pak Tanaya ndakwa menawa Bu Indri iku sejatine mlarat

23. Swasana kang katon ing pethikan sandiwara kasebut yaiku....

- A. nyenengake
- B. emosi manas
- C. gawe trenyuh
- D. nyedhihake

24. Watake Bu Indri yaiku....

- A. andhap asor
- B. sabar
- C. gampang nesu
- D. wicaksana

25. Basa kang digunakake Pak tanya marang Pak Daryana yaiku....

- A. ngoko lugu
- B. krama inggil
- C. ngoko alus
- D. krama alus

Kanggo mangsuli pitakonan nomor 26-28

Ing salah sawijining lepen ingkang ageng lan santer toyanipun, wonten mriku yuyu kangkang gesang, piyambake ingkang nguasani lepen menika. Si Yuyu Kangkang nggadahi watak kirang sae.

(Yuyu Kangkang si penjaga kali lagi mondar mandir ngawasi menawa ana wong arep nyebrang)

Yuyu Kangkang : " hohohoho...godong waru kok bolong-bolong...bocah ayu kok moblong-moblong.... sapa kae sing teka ?"

(banjur teka klenting abang, ijo, lan biru ing pinggir kali)

Klenting Abang : " Wah...kaline banjir."

Klenting Ijo : “ Iya mbakyu...., piye carane awake dewek nyebrang ??”

Klenting Biru : “ Iya mbakyu....piye iki ? bisa-bisa awake dhewe ora sida melu sayembarane mbok randha ndhadhapan?!”

Klenting Abang : ” Mengko dhisik, meneng sik...kae ana yuyu kangkang ta ?”

Klenting Ijo lan Biru : “ Wah...iya...ayo njaluk tulung yuyu kangkang wae mbakyu.”

Klenting Abang : “ Iya...yuyu kangkang...yuyu kangkang...?”

Yuyu Kangkang : “ Hahaha...ana apa cah ayu...ayu..?”

Klenting Abang : “ Yuyu kangkang...aku njaluk tulung kowe...tulung sebrangke aku lan adhi-adhiku lewat kali iki...”

Yuyu Kangkang : “ Wah...bisa wae...

Nanging ana syarate cah ayu..., aku njaluk imbalan lho yaa.”

26. Paraga utama sandhiwara andhe-andhe lumut yaiku
 - A. Yuyu kangkang
 - B. Mbok Randha Dhadhapan
 - C. Andhe-Andhe lumut
 - D. Klenting Kuning
27. Kang biyantu nyebrangake klenting abang, biru, lan ijo ing kali yaiku
 - A. Yuyu kangkang
 - B. Mbok Randha Dhadhapan
 - C. Andhe-Andhe lumut
 - D. Klenting Kuning
28. Paraga kang nduweni watak apik ing sandiwara Andhe-Andhe lumut yaiku ...
 - A. Klenting Abang
 - B. Mbok Randha Dhadhapan
 - C. Klenting Kuning
 - D. Klenting Biru
29. Upacara-upacara tradisional kang dilakoni dening masyarakat, sifate turun-temurun lan ora ana ing tuntunan ajaran agama diarani....
 - A. upacara adat
 - B. ajaran agama
 - C. upacara kenegaraan
 - D. ajaran kejawen
30. Upacara kang dienggo nylameti jabang bayi kang iseh 7 wulan ana kandhutan ibu kalebu....
 - A. upacara kejawen
 - B. upacara agama
 - C. upacara adat
 - D. upacara tingkeban
31. Ing ngisor iki kang kalebu upacara adat ing Bali yaiku....
 - A. upacara baretan
 - B. upacara cukur gembel
 - C. upacara penganten tebu
 - D. upacara ngaben

Kanggo mangsuli pitakon nomor 32-33 gatekna pratekan teks upacara adat ing ngisor iki!

Upacara adat mitoni dianakake nalika calon ibu ngandhut 7 wulan, tujuane kanggo keslametan jabang bayi lan ibune utawa kanggo sing sifate tolak bala. Ing dhaerah upacara iki diarani tingkeban

Rantamaning acara upacara mitoni iki luwih akeh tinimbang upacara ngupati, urutanane yaiku siraman, nglebokake endhog putih kampung ing njero kain calon ibu dening calon bapak, salin rasukan, bronjolan (nglebokake klapa gading enom), ngitus tali lawe utawa lolitan benang, mecahake kendhil lan gayung, nyolong endhog lan dipungkasi kenduren.

32. Upacara adat tingkeban utawa mitoni ing kebudayaan jawa nduweni ancas....
- | | |
|----------------------------|-------------------------------------|
| A. kanggo nggolek kabekjan | C. Kanggo wara-wiri marang tangga |
| B. kanggo nggolek kamulyan | D. kanggo keslametan bayi lan ibune |
33. Urut-urutan upacara adat tingkeban miturut wacana ing ndhuwur yaiku....
- A. Kendhuren-nyolong janur-mecahake kendil lan gayung-mutusake lawe-nglebokake klapa gadhing-nglebokake endhok- salin rasukan-siraman
- B. Siraman-nglebokake endhok-salin rasukan-nglebokake klapa gading-mutus tali lawe-mecahake kendil lan gayung-nyolong endhok lan kendhuren
- C. Nglebokake klapa gading-mutus tali lawe-mecahake kendil lan gayung-nyolong endhok lan genduren
- D. Siraman-ganti rasukan-nyolong endhok-nglebokake klapa gading-kendhuren-motong tali lawe-mecahake kendil lan gayung
34. Tembung ing ngisor iki kang kalebu tembung kahanan yaiku....
- | | |
|------------------|-------------------|
| A. meja, Kursi | C. apik, elek |
| B. mlaku, Mangan | D. menawa, celaka |
35. Tembung ing ngisor iki kang kalebu tembung katrangan yaiku....
- | | |
|------------------|-------------------|
| A. meja, kursi | C. apik, elek |
| B. mlaku, mangan | D. menawa, cilaka |
36. *Sang Dewi ora gelem mangan lan ngombe mula awake dadi kuru aking.*
- Tembung kang kacithak miring ing nduwur jenise tembung....
- | | |
|------------|----------------|
| A. aran | C. ancer-ancer |
| B. sesulih | D. pangilah |
37. Sanajan saka kaluwarga ora duwe , Andhi ora tau kendhat anggone sinau, kepara malah entuk ringking siji. Dheweke duwe cita-cita pingin kuliah. Pak Karta tansah menehi panjurung uga luru ragat kanggo mbayar mlebu kuliah.
- Ukara kasebut paribasane yaiku....

- A. ulat madhep ati karep C. tut wuri handayani
B. rawe-rawe rantas malang-malang putung D. ulat madhep ati karep
38. Untung kuwi wong ora duwe kepara nggo mangan wae susah, nanging amarga sregep nyambut gawe saiki uripe wis mulya. Ukara kasebut salokane yaiku....
A. baladewa ilang gapite C. bebek mungsuh mliwis
B. opor bebek mentas awake dhewe D. bathok bolu isi madu
39. Abimanyu wingi ketabrak montor amarga nututi pitike ben ora ketlindes montor, jebul malah dheweke sing nandang lara nemen amarga nututi barang sepele. Ukara kasebut bebasane yaiku....
A. ancik-ancik pucuking eri C. jugrugan gunung menyan
B. nututi layangan pedhot D. kegedhen enyak kurang cagak
40. Nalika matur becike ...
A. tangane slaweran C. mripate plirak plirik
B. mripate pendirangan D. sikep tegak, mripat nyawang ngarep
41. Nalika mlebu ruang guru sawise nothok lawang lan uluk salam banjur....
A. nemoni guru sing paling cedhak lawang
B. matur ing ngarep guru karo mengo-mengo
C. nothok lawang makaping-kaping kanthi seru
D. nalika arep mlebu nothok lawang luwih dhisik
42.  Pamacane yaiku ...
A. dandanggula C. dhandanggula
B. Dhandhanggula D. dandhanggula
43.  pamacane yaiku
A. katon seger C. katong peteng
B. katon jembar D. katon padhang
44.  :  : diwaca
A. tahun 2021 C. tahun 2022
B. tahun 2023 D. tahun 2020

